



Pou Piblikasyon Imedya: 23/07/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ÒGANIZE YON TABLEWONN NAN SOUTHERN TIER SOU
UTILIZASYON TELEFÒN ENTÈLIJAN NAN LEKÒL NEW YORK YO**

Kontinye toune ekout nan tout eta a ak edikatè yo, paran yo ak lòt pati konsène yo

Kontinye lidèchip Gouvènè a sou sante mantal ak byennèt jèn yo, ki gen ladan premye lwa nan nasyon an pou konbat fliks rezo sosyal adiktif, agrandi klinik sante mantal ki baze nan lekòl ak lansman kanpay "Dekonekte ak Entènèt, Ale Deyò" a

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te fè yon diskisyon tablewonn ak edikatè lokal yo ak pati konsène yo nan Southern Tier nan kad yon toune ekout nan tout eta a ki aksantye sou adrese itilizasyon telefòn entèlijan nan lekòl yo. Toune ekout sa a te kòmanse semèn pase a nan Rejyon Kapital la epi li pral kontinye ak lòt diskisyon tablewonn ak pati konsène esansyèl yo pandan mwa k ap vini yo. Kòm Gouvènè a te mete aksan sou li, angajman patnè pral jwe yon wòl kle kòm li devlope yon pwopozisyon politik nan tout eta a sou telefòn entèlijan nan lekòl yo ki pral anonse nan fen ane sa a.

"Konsènan telefòn entèlijan ak lòt aparèy ki konekte ak entènèt nan lekòl yo, li klè ke sityasyon an jis pa fonksyone pou jèn ak edikatè nou yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "M ap rekeyi kòmantè ki presye nan men pwofesè ak paran yo atravè eta a pou asire nou elabore solisyon efikas ki pral bay pi bon rezilta pou timoun nou yo."

Tablewonn jodi a te fèt nan Windsor High School e li te enkli administratè, pwofesè ak paran ki soti nan plizyè lekòl diferan nan rejyon an. Nan mwa k ap vini yo, n ap òganize lòt tablewonn atravè eta a ak yon varyete pati konsène nan domèn edikasyon.

Dapre yon [sondaj Pew Research](#) ki te pibliye nan mwa jen, 72 pousan pwofesè lekòl segondè nan tout peyi a di ke elèv yo ki distre pa telefòn selilè se yon gwo pwoblèm nan salklas yo. Kòm yon pati nan angajman li pou adrese pwoblèm sa a ak kreye rezilta ki plis pozitif pou elèv yo, fanmi yo ak edikatè yo, Gouvènè Hochul deklare sezon prentan sa a ke li planifye pou pwopoze yon politik nan tout eta a pu atake itilizasyon telefòn entèlijan yon fason eksesif nan lekòl yo.

Gouvènè Hochul te soulinye tou ke anpil lekòl atravè eta a – ki gen ladan kèk reprezante nan tablewonn jodi a – kounye a gen règleman endividyèl k ap chèche adrese itilizasyon telefòn selilè nan sal klas pa yo. Gouvènè a aksantye sou rekeyi pwendvi detaye sou siksè ak difikilte yo rankontre nan divès lekòl ak pati konsène yo nan tout eta a ki baze sou règleman chak lekòl.

Patisipan yo nan tablewonn jodi a enkli:

- Jason Andrews, Sirentandan Windsor Central School District
- Clifford Kasson, Sirentandan Vestal Central School District
- Scott Ryan, Sirentandan Norwich Central School District
- Sarah Wiggins, Direktris Vestal Middle School
- Mackenzie Dubois, Travayè Sosyal Windsor Central School District
- Jill Houseknecht, Pwofesè Windsor Central School District
- Darren Safranek, Paran

Toune ekout sa a bati sou lidèchip Gouvènè Hochul la sou sante mantal ak byennèt jèn yo, ki te enkli siyen yon lwa ki se premye lwa nan nasyon pou konbat fliks rezo sosyal adiktif yo; agrandi klinik sante mantal ki baze sou lekòl ak lòt resous; ak lanse kanpay "Dekonekte ak Entènèt, Ale Deyò" (Get Offline, Get Outside) pou ankouraje timoun yo ak fanmi yo depoze telefòn yo, pran yon ti repo sou rezo sosyal epi jwi aktivite deyò ete sa a.

Diskisyon tablewonn adisyonèl ak edikatè, paran yo, elèv yo ak lòt defansè yo ap fèt nan mwa k ap vini yo.

Sa a konfime lidèchip Gouvènè Hochul la sou sante mantal ak byennèt jèn yo, ki te enkli siyen yon lwa ki se premye lwa nan nasyon pou konbat fliks rezo sosyal adiktif yo; agrandi klinik sante mantal ki baze sou lekòl ak lòt resous; ak lanse kanpay "Dekonekte ak Entènèt, Ale Deyò" (Get Offline, Get Outside) pou ankouraje timoun yo ak fanmi yo depoze telefòn yo, pran yon ti repo sou rezo sosyal epi jwi aktivite deyò ete sa a.

Difikilte telefòn entèlijan ak lòt aparèy ki konekte ak entènèt yo prezante nan lekòl yo agrave tou pwoblèm pèmanan nan pèt aprantisaj, espesyalman nan epòk apre pandemi an. Efò Gouvènè Hochul nan ka sa se pwochen etap pou garanti atansyon konplè elèv nou yo nan aprantisaj nan espas ki pa gen distraksyon sou entènèt.

Lwa k ap mennen nan nasyon an pou pwoteje timoun yo sou rezo sosyal

Nan jen, Gouvènè Hochul [te siyen de gwo lejislasyon](#) ki pral ede kreye yon anviwònman dijital ki pi an sekirite pou jèn moun New York yo.

Lwa SAFE for Kids yo egzije konpayi rezo sosyal yo pou yo mete restriksyon sou piblikasyon ki kreye depandans sou platfòm yo pou itilizatè ki poko gen 18 an. Sòf si gen konsantman paran yo, itilizatè ki poko gen 18 an p ap resevwa piblikasyon ki kreye

depandans. An patikilye, Lwa SAFE pou Timoun lan se yon lwa inik ki dwe siyen nan nenpòt ki eta atravè nasyon an.

Lwa Pwoteksyon Done Timoun New York la pral entèdi sit Entènèt yo ak aparèy ki konekte yo kolekte, itilize, pataje oswa vann done pèsonèl nenpòt moun ki poko gen 18 an, sof si yo resevwa konsantman enfòmè oswa sof si fè sa nesèsè pou rezon sitwèb la.

Evestisman nan tout eta a nan sante mantal jèn yo

Nan kad investisman 1 milya dola li nan sante mantal nan tout eta a, Gouvènè Hochul te siyifikativman elaji aksè ak swen sante mantal ak resous pou jèn moun yo ak fanmi yo. Gouvènè a kontinye mete aksan sa a sou sipò ak sèvis jèn yo nan sekirize investisman adisyonèl nan bidjè ane fiskal 2025 yo adopte a.

Gouvènè Hochul te pran mezi nan Bidjè yo te Adopte a pou elaji sipò sante mantal pou timoun yo atravè eta a epi asire ke yo tande vwa yo, pou konkretize ajanda li te revele nan diskou eta leta a nan mwa janvyè a. [Gouvènè a te anonse 20 milyon dola nan finansman konpayi demaraj yo](#) pou klinik sante mantal ki baze nan lekòl ak lanse yon aplikasyon kontinyèl, ki pral fè li pi fasil pou lekòl ki enterese yo etabli satelit sa yo. Anons sa a te bati sou 5.1 milyon dola yo te akòde an novanm nan pou sipòte 137 nouvo klinik ki baze nan lekòl yo, ki gen ladan 82 nan lekòl ki gen bezwen elve yo, epi ki te pote kantite total klinik lan nan plis pase 1,200 nan tout eta a.

Bidjè ane fiskal 2025 yo adopte a gen ladan tou yon investisman plis pase 19 milyon dola pou bay jèn yo swen enpòtan andeyò anviwònman lekòl yo, tankou ogmante resous pou jèn k ap resevwa tretman nan kominote yo oswa, lè sa nesèsè, nan swen rezidansyèl yo. Inisyativ kle tankou ekip Tretman Kominotè Asètiv pou Jèn yo, ki bay sèvis konplè ak sipò pou jènki riske antre nan tretman sikyatrik rezidansyèl oswa pou pasyan ki entène, yo te elaji ak 9.6 milyon dola pou kontinye sèvi yo lakay yo ak nan kominote yo chak fwa sa posib. Pami investisman pou sipòte timoun ak jèn yo, Gouvènè a jwenn yon lòt 4 milyon dola pou sipòte yon pwogram padon prè espesyalman pou klinisyen sante mantal ki gen lisans k ap sèvi timoun ak fanmi yo.

Ede jèn moun yo "Dekonekte ak Entènèt, Ale Deyò"

Ete sa a Gouvènè Hochul te lanse kanpay ete "Dekonekte ak Entènèt, Ale Deyò" (Get Offline, Get Outside) la pou ankouraje sante fizik ak mantal lè li ede timoun ak fanmi New York yo depoze telefòn yo, pran yon ti repo nan rezo sosyal yo, epi jwi rekreyasyon ak rasanbleman sosyal deyò. Anplis de renonse ak frè pisin nan pak eta New York yo, agrandi aksè ak aktivite deyò ak lòt anons, kanpay sa a te deja ede enspire gwo ogmantasyon nan prezans nan Pak Eta sa a pandan ete a. Prezans nan Pak Eta nan wikenn 4 jiyè ki sot pase a [te atenn 2.8 milyon vizitè nan tout eta a](#) – yon ogmantasyon 30 pousan parapò ak menm peryòd la ane pase.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)